

## ХУАРЗ ЛÆГИ НОМБÆЛ ДЗИЛЛÆ МÆСУГ ДÆР ИСАМАЙУНЦÆ!..

***Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), Индий фарни лæг: «Аккаг æнаккаги фарсмæ дæр æнцад-æнцойнæй цæудзæнæй, еуетæй дæр ка нæй æма иннетæй дæр, е ба тарстæй, раримæхсæ-баримæхсæгæнгæ, еувæрсти хелуй... Мæ цæсти кадгин æй, бакастæй нæ, фал уоди менеугутæй æхе ка равдесуй, уæхæн федауцæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№31 (857) 2022 анзи 12 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман




# КÆМÆНДÆР БÆРÆГБОН, КÆМÆНДÆР БА – СÆРИНЕЗ

Рæхги бабæй нæ кæстæртæн ралæудзæнæй дессаги æхцæуæн рæстæг – райдайдзæнæй ахури нæуæг анз.

Скъоламæ цæугæ кæмæн æй, еци сабийти нæрæмуйнадæ лæдæрд æй – кæд æма ахур кæнун уоййасæбæл æнцон гъуддаг нæй, уæддæр син е æхцæуæн æй, берæ цидæр дессæгтæ син раргом уй ахури рæстæги, зæрдтагон син æй се 'мгæртти хæццæ архайун.

Уæдта, ка 'й зонуй, беретæ си сæ зæрдæбæл дарунцæ нæ национ литератури бундорæвæргутæй еу Малити Геуæргий фæдзæхст:

*Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æнгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном.*

Æма еци фæдзæхст æнхæст кæнунæн равгитæй фæххайгин уни фадуæттæ ба ес скъолай ахур кæнуни фæрци. Уой лæдæрунцæ кæстæртæ дæр æма ахури фæллойнæ син æй сæ бæллундзийнадæ.

Уомæ гæсгæ ба уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма син исуй бæрæгбони хузæн. Гъо – уонæн!.. Фал сæ нииййергутæн ба... Кæд син æхцæуæн фæууй, æгайтима бабæй сæ ахурдзау цæуæтæн райдæдта зонундзийнæдтæмæ сæ балци, уæддæр син цæмæйдæрти ба сагъæссаг дæр исуй. Фиццагидæр – сæ скъоладзаути ахури гъæугæ гъуддæгутæй исефтонг кæнуни фæдбæл. Кæддæр, уартæ советон доги сабийи скъоламæ барæвдзæ кæнун æнцондæр адтæй – уоййасæбæл дессæгтæй сæ неци гъæуидæ. Нур уавæр бустæги исæндæрхузон æй, ахурдзаути берæ цидæртæ гъæун байдæдта, æма уони амал кæнун ба бийнонти бюджетбæл хъæбæр фæббæрæг уй. Уой фæдбæл æрхæсдзинан цалдæр æвдесæни.

2

## НОМЕРÆН



## НÆ ДЗИЛЛÆН УАРЗОН ХЕСТÆР АДТÆЙ...

Нæ рагфидтæлти дессаги медесгин фæдзæхститæ æма æгъдæуттæ цæмæй нæ адæми еу фæлтæрæй иннемæ цардгъонæй хъæртонцæ, еци ахсгиагæй-ахсгиагдæр гъуддаг фиццагидæр хестæртæй аразгæ æй. Æма еци ихæс æнхæст кæнунбæл уодуæлдайæй ка архайуй, уонæй ба боз æма сæрустур куд гъæуама нæ уонцæ нæ дзиллæ.

Уæхæн арфиаг хестæрæй адæм базудтонцæ Задæлески гъæуæй рацæуæг, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг фæскъилдуни фæллойни ветеран, фæскомцæдесон æзмæлди æновуд архайæг, муггаг æма хеуæнттæн уарзон хестæр, уозæлагæ мадæ æма фæлмæн нана Будайти-Бæзити Олгай дæр.

Гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй – хуæрзæрæги банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ... Рохсаг уæд... Мах ба абони æ номерæнæн мухур кæнæн Гасанти Валерий финст уац (5-аг фарсбæл).

## АХСГИАГ ЦАУ



Куд алли анз дæр, уотæ бабæй æрæги, 6 августи Дигоргоми бæрæггонд æрцудæй Задæлески Нанай бæрæгбон.

Уоми æ номбæл ци музей ес, уой алфамбулай æрæмбурд æй хъæбæр берæ дзиллæ Иристони алли рауæнтæй. Бæрæгбон рауадæй дессаги зæрдæмæдзæугæ, æ исаразгутæ 'й исрæсугъд кодтонцæ аллихузон мадзæлттæй. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.


ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР.

*Рагонкитайаг зундилæг **КОНФУЦИЙИ** зæгъдтитæй: «Фæууй уотæ дæр: æвзартæ фæззиндтæнцæ, фал деденæг нæ рафтудтонцæ. Фæууй уотæ дæр: деденгутæ фæззиндтæй, фал рæзæ нæ равардтонцæ...» Æма нæ абониккон царди уæхæн æнæдеденæг-æнæрæзæ уодгоймæгтæ цæйбæрцæ ес!..*



**ТЕБИАТИ Мæдинæ, Цæгат Иристони туризми комитети сæрдари хуæдæййевæг**

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...

– Нæ республикæмæ туристтæ фулдæрæй-фулдæр цæун байдæдтонцæ. Е бæргæ æхцæуæн æй, фал махмæ æрбацæуун ке фæндуй, уони еугурей исиуазæг кæнунæн ба нерæнгæ нæ фагæ кæнунцæ бунæттæ фусунуæтти. Фарстайæн ралухгæнæн ес федералон агъази мадзæлтти, гъома, субсидити фæрци. Инвестортæн сæ бон бауодзæнæй модулон фусунуæттæ аразун. Гъæуама аци анзи кæронмæ исцæттæ уонцæ, æма уой фæрци туристтæ исиуазæг кæнунæн бунæттæ зингæ фæффулдæр уодзæнæнцæ.

Аланий Исаргъуди 1100 анзей бæрæгбони размæ Цæгат Иристони Зруги аргъауæн реконструкцигонд цæуй. Зæгъун гъæуй уой, æма еци куст еуцæйбæрцæдæр къулумпитæгонд цæуй. Зæгъæн, гъæугæ æрмæгутæ афойнадæбæл нæ хъæртунцæ, уарунтæ дæр куститæ уорамунцæ. Объект барæвдзæ кæнунæн лæвæрд æрцудæй æртæ анзей æмгъуд. Æма фарæ ци фæзæ федаргонд æрцудæй, уоми нæуæгæй арæзт цæуй аргъауæни исæвд хай. Еугур бундорон куститæ дæр конд æрцудæнцæ, нур ба гъæуама аргъауæни бæстихай æнхæстæй арæзт æрцæуа.



Национ проект «Экологи»-й бундорбæл Цæгат Иристон иннæ анз нæ бæсти 37 объектей хæццæ райсдзæнæй фæрæзнитæ хæдзайрон æма æндæр бугътæ хецæнтæй æмбурд кæнунæн контейнертæ балхæнунæн. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма уæхæн хузи агъазгонд цæуй нур дæр. Уой фæрци дууæ анземæ 135 мин контейнерæй исефтонг кодтонцæ цæрæн бунæттæ. Уомæй размæ, берæ уæлæнхасæн процедурити туххæй, æхцатæ регионмæ æрæгæмæдæр хъæрттæнцæ. Нур ба рагацау еугур гъæугæ куститæ дæр бакодтонцæ æма нæуæг анзи райдайæнæй контейнертæ æлхæнун райдайдзæнæнцæ.

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

Нæ республики финансти министр Исахъти Олег хецауади æмбурди куд фегъосун кодта, уотемæй республики паддзахадон оргæнтæ æма бюджетон организацити косгутæн сæ еугуремæндæр июли мæйæн сæ мизд ке бафистонцæ – кустуæттæй ка ци курдиадæ балæвардта июли мæйæн, уомæ гæсгæ син сæ мизд æнхæстæй равардтонцæ.

Министр ма куд загъта, уотемæй августи мæйæн дæр аванс алкедæр афойнадæбæл райсдзæнæй.

***

**Уæрæсей адæмон аййевадон промыслити косæндæнттæн уæлæнхасæн паддзахадон субсидити хузи дехгонд æрцæудзæнæй никкидæр ма 500 миллион сомей бæрцæ. Федералон реестрмæ ци 86 организаций хаст æрцудæй, уонæн уæхæн уæлæнхасæн финансон æнхус хуарз агъаз фæуудзæнæй сæ архайд фæгъгъомусгиндæр кæнунæн, равгитæ син уа сæ кустадон уавæртæ рæвдзæдæрæй аразунæн, æнцондæрæй æлхæнонцæ гъæугæ æрмæгутæ æма хомаг. Адæмæн аййевадон промыслити косæндæнттæн паддзахадон субсидитæ дæттуни фæткæ федаргонд æрцудæй 2020 ази. Æма, зæгъæн, аци анзи райдайæни аци косæндæнттæн Хецауадæ радех кодта 600 миллион сомей бæрцæ.**

***

Флюрограф, рефрактометр, УЗИ-аппараттæ æма æндæр медицинон косæнгæрзтæ аци бæнтти исæмбалдæнцæ Дзæуæгигъæуи 7-аг поликлиникæбæл. Аци медицинон косæндзаумæуттæ поликлиникæн исамал кодтонцæ æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази фиццаградон агъази къæпхæни модернизаций сæрмагонд программи фæлгæти.

Уомæй уæлдай, поликлиники исæвæрдзæнæнцæ нæуæг маммограф æма компьютерон томограф дæр.

Ведомстви куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй хæстæгдæр рæстæг ралух кæнун гъæудзæнæй поликлиники бундорон цалцæги фарста дæр. Уой хæццæ, медицинон косæндони еуæйеу дæлхайæдти нуртæккæ æнхæстгонд цæуй уæлæнгай цалцæги архайд. Фарæ ба поликлиники исæвардтонцæ нæуæг лифттæ.

***

**Цæгат Иристони идарддзæф гъæути æма фельдшерон-акушерон пунктти идарддæр игонгонд цæунцæ афтектæ. Нерæнгæ бал 16 гъæуеми цæргути бон æй сæхемæ æнæмæнгæ гъæугæ хуастæ балхæнун. Æдеугурæй ба гъæуама уæхæн рауæнти игонгонд æрцæуа 31 афтеки.**

***

Национ программæ «Демографи» æма уой федералон проект «Бийнонтæн сувæллæнттæ си райгурди фæдбæл финансон агъаз»-мæ гæсгæ аллимæйон феддонтæ лæвæрд цæуй, фиццаг сувæллон кæмæн райгурдæй, уæхæн 6,5 мин бийнонтемæн. Еци мадзал нури уæнгæ æнхæстгонд æрцудæй 53,7%, анзи кæронмæ ба гъæуама æнхæстгонд æрцæуа æнæгъæнæйдæр.

# КÆМÆНДÆР БÆРÆГБОН, КÆМÆНДÆР БА – СÆРИНЕЗ



Уæрæсей контроли æма Moneyplace маркетплейси лæггæдти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ скъоладзаути скъоламæ бацæттæ кæнуни хæрзтæ – киунугæдонæ, уæледарæс, къахидарæс, рæстæмбес нимадæй исхъæртуй 16-50 мин сомемæ. Растдæр зæгъгæй ба, сæ аргъ исхизтæй 12%-49%. Уой уæлæнхасæн ба, кæд фарæ ахурдзауи скъоламæ бацæттæ кæнуни хæрзтæ æдеугурæй хъæрттæнцæ 4%, президенти феддонти хæццæ – 10 мин соми, уæд аци анз ба еци æргътæ исхизтæнцæ 36%.

– Уæлдай хъазардæр фæцæй уæледарæс, – зæгъуй «Союзформи» директори хуæдæййевæг **Владимир Богомолов**. Фæсарæнтæй нæмæ хъумац ласунбæл санкцити фæсте нæ промышленности рæуæг къабазæ æфтуйæггæгтæ дæттуй айдагъдæр еу процент, уомæ гæсгæ ба скъоладзаути уæледарæси 80% ласт цæуй фæсарæнæй.

Фулдæргæнгæ цæунцæ скъоладзаути цигъæуæгти æргътæ дæр. Зæгъæн, тъетрæдти аргъ исхизтæй 50%, ручкитæ æма кърандæсти – 200%, бонугти – 284%, айдагъдæр киунугæдарæнтæ æма пъартфелти æргътæ фæнниллæгдæр æнцæ. Фарæ, рæстæмбес нимадæй сæ æргътæ хъæрттæнцæ 3000 сомемæ, мартъий ба исгæпп кодтонцæ – 5500 сомемæ, нуртæккæ фæстæмæ æрхаудтæнцæ – 4400 сомемæ. Е хауй айдагъдæр рагъбæлдаргæ киунугæхæссæнтæмæ. Уæрæсей контроли косгутæ куд зæгъунцæ, уотемæй нæхе рауагъд продукцийæй ку пайда кæнонцæ ниййергутæ, уæд скъоладзауи скъоламæ бацæттæ кæнуни хæрзтæ исхъæртдзæнæнцæ 12-18%. Е рæстæмбес нимадæй. Гъуддаг уой медæги æй, зæгъуй Уæрæсей контроли сæйраг специалист **Иринæ Аркатова**, æма еци-еу фирмитæ уадзунцæ уæхæн уæледарæс, кæци сувæллæнтти æнæнездзийнадæн хæссуй зæран. Уæлдайдæр ба уæледарæси этикеткæбæл нисангонд ку уа, гъома, дзаумауи 70-80% конд æй синтетикон халæй, зæгъгæ, уæд. Еци уæледарæсмæ медæмæ уæлдæф нæ гъаруй æма сувæллони бауæр тæвдæ кæнун райдайуй, уой уæлæнхасæн ба ма имæ аллергия дæр фæззиннуй.

Эксперттæ куд зæгъунцæ, уотемæй скъоладзау кизги фиццаг къласмæ бацæттæ кæнуни хæрзтæ ниййергутæн ислæудзæнæнцæ 52940 сомебæл, биццеуæн ба мин соми хъазардæрбæл. Уордæмæ уæледарæс, къахидарæс æма ахургæнæн фæрæзнитæй уæлдай ма хаунцæ ноутбук кенæ смартфон.

Æнæ гаджеттæй фиццагкъласони гъæугæ дзаумæуттæбæл феддонтæ исхъæртдзæнæнцæ: кизгуттæн – 6840 сомемæ, биццеутæн – 7320 сомемæ.

* * *

Нæ радзубандий кæронбæттæни ба æхцæуæн хабар игъосун кæнæн, аци анз скъоламæ ка цæудзæнæй ахур кæнунмæ, уонæн æма сæ ниййергутæн. Ахури нæуæг анзи размæ Цæгат Иристони «Берæсувæллонгин бийнонти еугонд» 1-11-аг къæлæсти æхсæзсæдемæй фулдæр ахурдзауемæн комкоммæ уагæй фæййагъаз кæндзæнæй.

Аци хабар фегъосун кодта æхсæнадон еугонди разамонæг **Дзоблати Альбинæ:**

– Раздæр æнзти агъаз кодтан фиццагæй фæндзæймаг къæлæсти уæнгæ ахурдзаутæн. Нур ба рахастан унаффæ айдагъ кæстæркъласонтæн нæ, фал хестæркъласон сувæллæнттæн дæр фæййагъаз кæнуни туххæй. Фиццагкъласонтæн балæвар кæндзинан хизинтæ, дуккаг къласæй фæндзæймаг къæлæсти ахурдзаутæн балхæдтан канцелярон ефтонггæрзтæ, фæндзæймагæй еуæндæсæймаг къæлæсти уæнгæ скъоладзаутæн ба – ахурдзаути уæледарæс æма къахидарæс. Алли бийнонтæн дæр комкоммæ уагæй фæййагъаз кæндзинан..

# ТУГЪДОН-ТЕХНИКОН ДУЙНЕУОН ФОРУМ – ЦÆГАТ ИРИСТОНИ

Нури доги цæмæдесаг мадзæлттæй еу, Æхсæндуйнеуон æфсæддон-техникон форум «Æфсад», арæзт цæуй 2015 анзæй фæстæмæ. Уой ахедундзийнадæ ахсгиаг уомæн æй, æма уой фæрци бæлвурдæй æвдист цæуй нæ бæсти Гæрзефтонг тухти гъомусадæ, сæ кадæбæл син кадæ æфтауй, æнхæст кæнуй гъомбæладон ихæстæ дæр, уæдта лæггадæ кæнуй гъæуайкæнуйнади къабази паддзахæдти 'хсæн бастдзийнæдтæ федар кæнуни сæрбæлтау.

Аци анзи форум 19-21 августи арæзт æрцæудзæнæй Цæгат Иристони. Уомæ цæттæ кæнуни фарстатæбæл æрæги дзубанди цудæй, нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг Туйгъанти Ларисæ разамунд кæми лæвардта, еци сæрмагонд æмбурди.

Архайдтонцæ си æнхæстгæнæг хецауадзийнади, 58-аг æфсади æма æригон æфсæддонти регионалон штаби минæвæрттæ. Æмбурди куд бæлвурдгонд æрцудæй, уотемæй форум рацæудзæнæй 19-21 августи. Æ мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæнцæ Хъесай-фурти гъæунги Терки билгæрон.

Форуммæ æрбацæуæг адæмæн равдесдзæнæнцæ, тухи еугур структуритæ сæ архайди кæмæй пайда кæнунцæ, еци нуриккон техникæ. Республики цæргутæ æма иуазгутæн цæттæ кæнунцæ хеерхæфсæн программæ дæр.

– Махæн нæ ихæс æй, форум бæрзонд æмвæзадæбæл искæнун, еугур мадзæлттæ дæр гъæуама афойнадæбæл æма тæккæ хуæздæр хузи æнхæстгонд æрцæуонцæ. Гъæуама дзилли зæрдити етæ байзайуонцæ тæккæ æхцæуæндæр имисуйнæгтæй, - загъта Туйгъанти Ларисæ.



**Тæккæ номдзуддæр историктæй еу, Вернадский Георгий Владимири фурти райгурдбæл 20 августи æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1887-1973). Æ наукон кустити ес гъæздуг æрмæг аланти туххæй дæр.**

# РАГАЦАУ ДÆХЕ БАГЪÆУАЙ КÆНÆ ÆМА ФИДБИЛИЗÆЙ ÆДАС УОДЗÆНÆ...



ФÆСТАГ рæстæгути нин коронавируси хуæцгæ нез нин ци æверхъаудзийнæдтæ исаразта, цæйбæрцæбæл берæ адæм си бастъалдæй, убæл радзорæ-бадзорæ нæ гъæуй – нæ еугурдæр си зæрдрист фæцан. Æма еу рæстæги ку фæннидæн æй, уæд нæхецæн зæрдитæ бæргæ æвардтан, рахъутти æй, фæййервазтан си, зæгъгæ... Фал æнгъæлдæн, фæффудевгед ан. Рацæй-рагъæр æй, æма иснæуæг æй, нæуæгæй парахат кæнуй. Цæгат Иристони «Роспотребнадзор»-и разамонæг Тибилти Алан æрæги Хецауади æмбурди куд фегъосун кодта, уотемæй нæ республики айразмæ къуæрей дæргъи фæззиндтæй еци незæй алли кари сæйгитæ. Незы парахатти коэффициент æй 1,4. Уомæ гæсгæ ба куд загъта, уотемæй гъæуй æртасæнтæ кæнун æма вакцинаций куст фæййахедгæдæр кæнун, хестæр кари адæмæн æма, аллихузи незтæй еудадзугон сæйгитæн ба, æхсæнадон рауæнти уогæй, хе гъæуай кæнуни мадзæлттæй æнæмæнгæ пайда кæнун. Республики медицинон косæндæнтти нуртæккæ ес ковидæй нæудæс æма дууинсæй сæйги. Аци хабар фегъосун кодта Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр Тебиати Сослан. Æ дзубандимæ гæсгæ, амбулаторити фæстаг бæнтти фæккарздæр æй нæуæг коронавирусæй дзæбæх кæнуни æма æ профилактики куст. Республикæмæ ци экспресс-тесттæ æрбарвистонцæ, уони фæрци ба ес æртасæн кустити бæрцуат фæффулдæр кæнуни гæнæн.

Медицинон косæндæнттæ коронавируси нæуæг фæззинди нихмæ ци мадзæлттæ аразунæй ихæсгонд æнцæ, уони гъæугæ хузи аразунцæ. Фал адæм ба, нæ еугурдæр æй уинæн, сæхе æгæр устурзæрдæй бабæй æвдесунцæ. Кæми гъæуа нæ гъæуа, уомити æмбурдтæ кæнунцæ, кæрдземæн уотид салам раттуни бæсти хъуритæ кæнун байдайунцæ (еци миуæ уæлдай æведауцæ ба мæргъдауи рæстæг æй). Мадта маскæ даруни кой ба кæнгæ дæр ма кæнетæ – æнæмæнгæ даргæ кæмæн æй, етæ дæр æй сæ сæрмæ нæ хæссунцæ. Махмæ, Цæгат Иристони, нæма ес уæхæн домæн, цæмæй адæм бабæй маскитæ дарун райдайуонцæ. Æма нæ, бæргæ, гъæугæ дæр ку нæ бакæниуонцæ. Фал Уæрæсей берæ рауæнти ба уæхæн фæткæ æвæрд цæуй официалон æгъдауæй. Æма уæхæн мадзæлттæмæ адæм циуавæр цæстингасæй кæсунцæ, уой туххæй ба социологон æрфарсти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ æрмæг мухур кæнæн дæлдæр.

Дзубанди дæр ибæл нæййес. Коронавирус цæйбæрцæбæл тæссаг æй. Æма нин специалисттæ ци унаффæ кæнунцæ, уомæ лæмбунæг æригъосун гъæуй, æнхæсткæнуйнаг ци æй, уой æнхæст кæнун. Тæрсун неке кæнæн, фал бæрнондæр ун гъæуй, дзубанди дæхе æма дæ хеуæнтти, дæ рæбун архайæг адæймæгути æнæнездзийнадæбæл ку цæуа, уæд. Хумæтæги нæййес уæхæн загъд: «Рагацау дæхе багъæуай кæнæ, æма фидбилизæй æдас уодзæнæ...»

Нæкæси, дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй æртасгутæ Уæрæсей раргом кодтонцæ коронавируси нæуæг хузæ, кæци, куд зæгъунцæ, уотемæй æй «омикрон» æма «дельта»-йи гибрид. Америкаг ахургонд-генетик Дмитрий Прусси гъудимæ гæсгæ, «уæрæсейаг дельтакрон»-и тæссагдзийнадæ ма исбæлвурд кæнуйнаг æй. Æ загъдмæ гæсгæ, «омикрон» æма «дельта»-йи геномти фрагменттæ кæми уонцæ, уæхæн вирустæ - устур æстæндзийнадæ æй, уомæн æма «дельта»-йи штамм, зæгъун æнгъезуй, фæддунд æй. Фал уæддæр уæхæн æнахур гибридон вирустæ рабæрæг æнцæ Петербурги æмбурдгонд æрмæгути. Уогæ, куд зæгъунцæ, уотемæй аци штамм нерæнгæ уойиасæбæл нæма фæххæлеу æй, сауæнгæ Петербурги дæр – уоми æртасæнтæ аразта гриппи Институт.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# УÆДДÆР ГЪÆУЙ НÆУÆГÆЙ МАСКИТÆ ДАРУН РАЙДАЙУН?

*Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ равардтонцæ алли кари уæрæсейæгтæмæ. Æма син сæ дзуæппитæмæ гæсгæ искодтонцæ мæнæ ауæхæн хатдзæгтæ.*



**Уæлдай мин нæй – 29%**

**Арази дæн – 48%**

**Нихмæ дæн – 23%**

***Нæуæгæй бабæй маскитæ дарун райдайуни фæдбæл уæрæсейæгтæ сæ карæмæ гæсгæ фæйнæхузи гъуди кæнунцæ. Зæгъæн, 45 анземæй хестæр ка æй, уони хæццæ рабаргæй, маскитæ дарунбæл фулдæр арази æнцæ 34 анземæй кæстæр уæрæсейæгтæ.***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Еу гъæуккаг лæг Гукъун, дан, исмедæг æй колхози будури, нартихуар си радавуни зæрдтæй. Уотемæй æй баййафта хъалагъур æма гъæрфæдесæй байдзаг æй. Гукъун ин зæгъуй:*

*– Мæнæ дин туман æма райагъаз кæнæ дæхуæдæг!..*

*Гъе дин гъе!.. Кой дæр æй мабал искæнæ!..*

*«Айæ, хуаси цъинабæл ке бабастонцæ, уæхæн куй ку æй!..» - рагъуди кодта Гукъун, уæдта ин сосæггай туман æ дзиппи фæтътъунста.*

*Уæдмæ сæ размæ æрбахъæрттæй колхози сæрдар дæр:*

*– Ами ци косис? – еци тингунæй фæрсуй Гукъуни.*

*– Ци косун, ци?.. Мæнæ мин дæ хъалагъур еу голлагæ нартихуарæй байдзаг кодта... Æма ми байагурдта гæртан – туман...*

*– Мæнгæ зæгъæгæн – атæ æма уотæ!.. – æлгъетуй хъалагъур. – Еу къапекк дæр ку нæййес мæ дзиппи!..*

*Хъалагъур æ дзиппитæ исхатта æма... Сурх-сурхид туман си исхаудтæй. Сæрдари цæсгон, раст цума ‘й пуруса басугъта, уой хузæн ниссурх æй фурмæстæй:*

*– Дæ бæх раттæ Гукъунмæ!.. Æма мин дæхе уинун дæр мабал фæккæнæ!..*

*Хъалагъур бæхæй æрхизтæй. Гукъун ба исхизтæй саргъи бæхмæ. Æма голлагæ дæр бæхбæл исхаста сæхемæ...*

***

Æма нури доги дæр уæхæн Гукъунтæ минкъий ку нæ ‘нцæ!.. Хецаудзийнади, кенæ пайдабæл фæххуæст уни фадуæттæ кæми ес, уæхæн бунæттæмæ бæлгути ‘хсæн. Нецæбæл байауæрддзæнæнцæ, ка си фæббадуй, уони фудкойтæ æма дам-думти фæрци фæссорун кæнунцæ... Уæлдайдæр ба сæ æдзæсгондзийнадæ рабæрæг уй аллихузон æвзурстити рæстæг.



**Петр ТОЛСТОЙ, Паддзахадон Думи сæрдари хуæдæййевæг: «Уæрæсе æй Европи тæккæ устурдæр паддзахадæ æма, баруагæс уи уæд, нæ хæццæ хуарз рахастдзийнæдтæ аразунмæ гъавгутæ рæхги æгæр берæ дæр ма уодзæнæй...»**

Ка ’й зонуй, е хуарз уодзæнæй - æцæг уæд, æма уæхæн рахастдзийнæдтæ арæзт ку цæуонцæ айдагъдæр еци фæсарæйнаг гъавгути пайдайæн нæ, фал, фиццагидæр Уæрæсей хуарзæн. Некæмæй неци ихæсгин ан, хе сæрустурдзийнадæ нин гъæуама алцæмæйдæр сæйрагдæр уа. Уæдта – нæ бонгинтæ фæсарæнти ци мулкитæ æфснайунцæ, уони æнæгъæнæй дæр гъæуама нæхемæ фæстæмæ æрбаздахæн, цæмæй «косонцæ» нæ Фидибæсти хуæрзарæстдзийнадæн. Айдагъдæр гъе уæд уодзинан дуйней кадгин цæстиварди...



**Вячеслав КОСТИКОВ, публицист: «Адæми фулдæрæй-фулдæр мæстæй маруй, нури Уæрæсей æхе «æвзаргæ хай»-бæл ка нимайуй, уони хедарундзийнадæ æма царди æгъдау...»**

Æма куд нæ тингун кæнонцæ, кæд æма еуети, адæмон есбонадæбæл æдзæсгонæй ка фæххæлæф кодта, уонæн сæ фурхъалæй сæ цард «еудадзугон бæрæгбон æй», хумæтæг адæми царди уавæртæ ба æгудзæгæй-æгудзæгдæр кæнунцæ. Æгудзæг адæймаг ба мæстгунгæнагæ, дан, æй...



**Нинæ ОСТАНИНА, Паддзахадон Думи депутат – чиновникти хуæдтолгитæ «Ладæ»-ти исбадун кæнуни туххæй Уæрæсей финансти министр А. Силуанови фæнди фæдбæл: «Уой куддæр фæууинон, æма Силуанов æма е ‘мдзогæнгутæ исбадтæнцæ Ладæ»-ти æма си æрбацудæнцæ Паддзахадон Думи размæ, уæд æз дæр мæ БМВ-æй бахездзæнæн уæхæн хуæдтолгæмæ...»**

Силуанов æма е ‘мдзæуинттæ, ка ‘й зонуй, сæхецæн базин кæндзæнæнцæ æма Паддахадон Думæмæ бацæуздзæнæнцæ «Ладæ»-ти. Фал алли бон ба... Нæ ‘й зонетæ, хецауеуæггæнгутæ дæр сæхе саугини хузæн ке дарунцæ: «Æз куд зæгъон, уотæ кæнетæ, æз куд кæнун, уомæй ба мæ ма фæнзетæ...»

*Аврелий АВГУСТИН (354-430), римаг финсæг, теолог: «Силгоймаг нæлгоймагæн æхсийнæ цæмæй уа, уомæн æй Хуцау ку лæвардтайдæ, уæд æй исфæлдистайдæ нæлгоймагæн æ сæрæй; цагъайрагæн æй ку лæвардтайдæ, уæдта – нæлгоймагæн æ къахæй, фал силгоймагæн Хуцауæй лæвæрд нисан æй*





# ЗÆРДЕСГÆ БÆРÆГБОН ЗАДÆЛЕСКИ

ЗАДÆЛЕСКИ НАНАЙ хабари цæмæдесагдзийнадæ уой медæги æй, æма ин нæдæр дуйнеуон литератури, нæдæр ба адæмон исфæлдистади æмвазæ нæййес. «Сугъзæрийнæ Нана»,- уотæ ‘й худтонцæ нæ рагфидтæлтæ, еци номæй æй хонунцæ нæ абони фæлтæр, уæдта зæнхæбæл цалинмæ еу дигорон-ирон адæймаг уа, уæдмæ дæр уотæ уодзæнæй.

Е ци устур адæймагдзийнадæ равдиста, ци лæгæхсарæ исаразта, уомæн рабарæн некæци æскъуæлхтдзийнади хæццæ ес. Уомæ гæсгæ æ ном æй æносон. Уомæ гæсгæ нæ исусуй дзиллити зæрдити уарзт еци силгоймагмæ. Хъæбæр æстæнтæ нимад æрцудæнцæ зæнхон адæмæй изæдтæбæл. Æма уонæй еу æй Задæлески Нана.

Задæлески Нанамæ райдайæни кувтонцæ айдагъдæр гъæуи цæргутæ, уой фæсте ба имæ ковун райдæдтонцæ иннæ адæм дæр. Уотемæй, куд фæстæмæ, гъæуи, Нана кæми æрцардæй Морги лæгæти фæсте, еци хæдзарæ иссæй еугуремæн дæр кувддонæ. Хæдзари фæрсрæбун адтæй устур дор. Гъе уой фарсмæ ниндзаридæ арт сабийтæн се ‘схæссæг мадæ – Нана.

Раздæр гъæуæй балций еске ескумæ кенæ æфсадмæ ку цæуидæ, уæд æй уордигæй фæндараст кодтонцæ. Сауæнгæ ма, революций агъоммæ Америкæмæ кустагор ка нæхстæр кодта, етæ дæр Нанабæл сæхе бафæдзæхсиуонцæ. Мадта Устур Фидибæстон тугъди архайгутæй дæр беретæ (Задæлески фæсевæдæй), æргомæй дзориуонцæ фæстугъд, тугъдмæ цæудзæнæн исон, зæгъгæ, уæд мæ фуни Нанай сорæт æнæ фæууингæ нæ фæууинæ, æма уæд дуккаг бон æдасæй цудтæн лæгæмпурсти, зæгъгæ.

Куд фæстагмæ, уотæ нанай номбæл кувд кæнун райдæдтонцæ гъæуи адæм, уæлдайдæр ба, æ бунат цалцæггонд ку ‘рцудæй æма си музей арæзт ку ‘рцудæй, уæдæй фæстæмæ – августи фиццаг сабати. Мæнæ бабæй æрæги дæр, 6 августи нæ республики адæм бæрæг кодтонцæ еци цитгин бæрæгбон. Алли анз дæр æнæгъæнæ цалдæр сæдей бæрцæ адæм æрæмбурд уй ардæмæ айдагъ медком æма будурæй нæ, фал ма Уæрæсей æма фæсарæнти алли къумтæй дæр. Уæлдай æхцæуæндзийнадæ ба нин хаста сувæллæнтти уиндæ. Аци анз си адтæй дзæвгарæ фулдæр кæстæр кари сабийтæ.

Адæймагмæ уотæ кастæй, цума нуртæккæ Нана уæларвæй æртæхдзæнæй æма еци цæрæццаг сабийти æ сасуги буни бакæндзæнæй…

Сæ ниййергутæ сæ нисайнæгтæ æма сæ ковуйнæгти хæццæ бацæунцæ азгъунстмæ. Медæгæй бадуй Задæлески карддзуддæр силгоймаг Текъойти Зинæ æма син сæ зæрдæй исковуй, кæстæрти ба Нанабæл бафæдзæхсуй. Раздæр еци гъуддаг æнхæст кодтонцæ Текъойти Губатæ æма Текъойти Зæринæ.

Райдæдта официалон хай. Бæрæгбонмæ æрæмбурд уæвгутæн зæрдиаг арфæ ракодтонцæ районы администраций сæргълæууæг Лагкути Омар æма районы ветеранти Совети сæрдари хуæдæййевæг Гуæцæлти Агубе. Азæлуй «Задæлески Нанай» зар. Адæм еугурæйдæр гъостæ фестадæнцæ:

*Тогуарæ æркодта, тогуарæ æркодта*
*Тъæпæн Дигорæбæл,*
*Тъæпæн Дигорæбæл…*

Зари зæлтæ ниххæлеу æнцæ кæмттæбæл, фæхстæбæл, къæдзæхтæбæл.



Уæлдай цæмæдесдæр игъуст ба кодтонцæ сувæллæнттæ, кæд зари дзурдтæ дзæбæх нæ лæдæрдтæнцæ, уæддæр. Фæстаг анз кизгæ кенæ биццеу кæмæн исæнтæстæй, етæ бæрæгбонмæ æрбацудæнцæ цалдæремæй æд æртигай къеретæ æма косæрттæгтæ. Фæдзæхсунцæ сæ нæуæгигурдтити. Уони ‘хсæн Текъойти Авдан. Æ цæстисугтæ æруадæнцæ æ фур æхцæуæнæй. Байрæзæд! Байрæзæд уæ фæдон, Нанай фæндон!

Райдæдта бæрæгбони концерт. Чиколай культури Галауани заргути æма кафгути къуар æвæллайгæй æвдесунцæ сæ арæхстдзийнадæ. Зар æййевуй кавди, зар – кавди… Композитор Махъоти Ацæмæз музыкалон æгъдауæй бакуста Нанай сорæт равдесунбæл. Зæрдæмæдзæугæ рауадæй æ куст æма ин уой туххæй арфæ ракодта Къибирти Амурхан. Иристон цæмæй дехтæ ма кæна, уобæл æ уод гъаруй поэтессæ Бизиккати Земфирæ. Æхе финст зар разардта Гобати Азау. Адæм тухгин æмдзæгъд кодтонцæ сæ еугуремæн дæр.

Районы «Адæмон нихæс»-и номæй Кади грамотæ лæвæрд æрцудæй бунæттон администраций сæргълæууæг Гæмаонти – Хадати Алинæн.

Фæстаг æнзти бустæгидæр æ хузæ раййивта Задæлески гъæуи æндаг бакаст. Кæддæри æгъуз æма рагон хурдæститæбæл æндегæй даст æрцудæй нæуæг дорамæдтитæ. Гъæунгтæ урух æма кæдзос. Сæ хузæ искалдтонцæ хæдзæрттæ дæр. Кæддæри уæлиндзæсæртæн сæ кой дæр нæбал ес. Алли цæрæг хæдзари тургъи дæр дон, рæзбунтæ бунмæ сæттунцæ рæзи уæзæй. Æййевуй æхе догæ, æййевунцæ адæм дæр сæ цæстингас. Айдагъдæр еци-еу хузæнæй изайуй сæ рахаст сæ фидтæлти ервæзунгæнæг Нанамæ. Зæрдæй кæбæл æууæндунцæ, æгæрон устур аргъ кæмæн кæнунцæ, сæ еци Нанамæ.

Уой фæсте еугур адæм дæр æмхузонæй æрбадтæнцæ идзаг фингитæбæл. Уæлдай дзурд, уæлдай æзмæлд си фесинмæ неке кæнуй. Уотæ домуй æгъдау, уотæ амонуй дигорон уæздандзийнадæ. Сæ еугурей цæсгæнттæбæл дæр цийнæ æма цæрæццагдзийнадæ!

О, Сугъзæрийнæ Нана, сæ еци цардуарзондзийнадæ куд некæд фесæфа, еци хуарзæнхæ син исаккаг кæнæ!

***МÆРЗОЙТИ Зæирæ***







*нæлгоймагæн е 'мбал, е 'мсæр ун, æма гъе уомæ гæсгæ 'й исфæлдиста нæлгоймагæн æ фæрскъæй...» Мадта дуйней гъæздугдæр лæгтæй еу, бердзейнаг Аристотель ОНАННИС (1906-1975) ба уотæ загъта: «Силгоймаг ку нæ адтайдæ, уæд æнæгъæнæ дуйней хæзнатæ дæр нецæмæн гъудайуонцæ...»*







Бæзити Инали фурт Хамæза, Олгай фидæ.

**Галеуæрдигæй къари уинетæ Бæзити бийнонти, Олгайæн æ мадæ, æ хуæртæ æма æнсувæрти. Разæй бадунцæ (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ): Таймораз, бийнонти мадæ Бæзити-Тауитти Мисирæт, Сатана, Батраз; лæуунцæ (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ): Валоди, Олга, Созур, Валентинæ, Мурат.**

# «ДÆ ЗÆРИНДЗУРДИ РОХС – НÆ РАЗВÆНДАГ РОХСГÆНÆГ»



Будайти-Бæзити Олга (астæуæй), æ хуæрæ Хъодзасти-Бæзити Валентинæ æма æ фурт Олеги кизгæ Кристини хæццæ. 2021 анзи 20 мартъий.

Аци кадгин силгоймаг, Будайти-Бæзити Олга Хамæзай кизги цардвæндагбæл ку рагъуди кæнæн, уæд ин æнæмæнгæ аргъ искæнæн ес нæртон силгоймаги менеугутæ æнхæстæй æвдесæг бæрцæбарæнтæй.

Æ дзубанди – бæлвурд, æ байамунд – лæмбунæг, е 'гъдау – фæнзуйнаг. Олга кæд берæ зиндзийнæдтæ бавзурста æ царди, уæддæр æ зæруай бонмæ байзадæй игъæлдзæг, циргъзунд, æвæлмаст адæймагæй. Райгурдæй 1928 анзи Мæхчески райони Задæлески гъæуи рæстуодæй фæллойнæгæнæг бийнонти 'хсæн.

Ахур кæнуни карæмæ ку рабайлæгъ æй, уæд райдайæни бацудæй Задæлески скъоламæ, уой фæсте ба Мæхчески æнæнхæст астæуккаг скъоламæ, дæсæймаг кълас ба фæцæй Дигорай 2-аг астæуккаг скъолай.

Олгай цардвæндаги туххæй куд нæ æримисæн, хуæрзæригонæй ин цæйбæрцæбæл зиндзийнæдтæ æвзаргæ рауадæй, уой дæр. Нæ Фидибæстæмæ 1941 анзи 22 июни немуцаг-фашистон æрдонгтæ гадзирахатæй ку 'рбалæбурдтонцæ, уæд цъамар знаги нихмæ тохмæ иннæ дзилли хæццæ рандæнцæ Олгайæн æ фидæ æма е 'нсувæртæ дæр. Гъæутæ, зæгъун гъæуй, хъæбæр ракунæг æнцæ нæлгоймæгтæй, æма еугур гъуддæгутæ дæр, уæлдайдæр ба колхозти æнхæстгæнуйнаг куститæ æнæгъæнæйдæр рандæнцæ силгоймæгти æма, тугъдмæ сæ карæ кенæ сæ æнæнездзийнадæмæ гæсгæ цæун кæмæн не 'нгъизтæй, еци нæлгоймæгтæбæл. Се 'мрæнгъæ ба ма æрлæудтæнцæ сабийтæ дæр – уонæй адтæй Олга дæр. Æхсæвæ-бон не 'взаргæй, архайдтонцæ колхози еугур гъуддæгути дæр, уæлдайдæр ба – будурти, цæмæй си тиллæг, куд гæнæн æма амал адтæй, уотæ фулдæр æмбурдгонд цудайдæ.

Немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Цæгат Иристони кæцидæр рауæнтæ рæстæгмæ ку байахæстонцæ, уæд сувæллæнттæн ахури равгæ нæ адтæй. Фал знаг ардигæй сурд ку 'рцудæй, уæд Олгайæн дæр фæцæй равгæ æ ахури гъуддаг кæронмæ рахъæртун кæнунæн.

Бæзити кизгæ æрдзæй рахаста цардмæ æрвонг цæстæй кæсуни уагæ. Фæллойнæ æма ахур адтæнцæ æ царди сæйрагдæр нисантæ. Æнтæстгинæй архайдта æхсæнадон кустити дæр, уæлдайдæр ба фæскомцæдесон гъуддæгути. Æ рæстæги каст фæцæй фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми сæрмагонд семинари. Æма 'й уой фæсте косунмæ рарвистонцæ уæди Мæхчески райони фæскомцæдесон комитетмæ. Æ ихæстæмæ цийфæнди цæстæй некæд кастæй. Фæсевæди алли кари минæвæртти хæццæ дæр зæрдиагæй æма кæрæдзей лæдæргæ дзубанди кæнунмæ арæхстæй, сæ зундирахасти æма уодиконди менеугутæ син лæмбунæг зонгæй. Разæнгард сæ кодта царди рæстаг зунд æма æхсæнади размæ кæдзосзæрдæ унбæл.

Æ сæрихецау Будайти Дриси фурт Хангерий цæрунгъæуагæй æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн æй, уæд е 'ртæ бæдолей хæццæ Олга æрцардæй Горæтгæрон райони Курттати гъæуи. Куста поселок Дачныйи санаторон скъола-интернати.

Карнæ ин æ размæ ци цæлхдортæ æрæвардта, уони сæрти хизтæй уæззау зунд æма бонзонгæй. Æ кæстæрти исаразта царди рæсугъд нæдтæбæл. Арфиаг адтæй æ цæуæти цæуæти уозæлдæй, æ берæ хеуæнттæ æма къабæзти рæвдудæй, сæ рохс цæстингас æма лæггæдтæй.

Дессаги хуарз æма æнхæстæй зудта нæ адæми уодварни гъæздугдзийнæдтæ. Фидтæлти царди æгъдæуттæ, сæ зундирахаст цийнæфсæст цæмæй адтæй, еци хабæрттæ, таурæхътæ, кадæнгитæ, æмбесæндтæ, бацеу-бацеутæ ку дзоридæ, уæд имæ ка игъосидæ, уæд, зæгъун æнгъезуй, еци адæмæн уоййасæбæл æхцæуæндзийнадæ исаразидæ, раст цума, изæдти æма идаугути арфæ сæбæл исæмбæлидæ. Уомæ гæсгæ алкæддæр хъæбæр арфиагæй байзаиуонцæ Олгай дзубандийæй.

Мадта æ райдзаст хæдзари ба рæдау фусун исуидæ нæ республики дзиллон хабæрхæссæг фæрæзнити косгутæн, ахургæндтæн, финсгутæн æма е 'мкоймæгтæн. Æ таурæхътæ, кадæнгитæ, авдæни зартæ, æмбесæндтæ, фидтæлтиккон царди хабæрттæ бакæсæн адтæй газеттæ «Дигорæ», «Дигори хабæртти», журналтæ «Ирæф» æма «Мах дуг»-и, адæмон исфæлдистади уадзимисти хецæн æма еумæйаг æмбурдгæндти, нæ фидтæлти æносон хæзна – «Нарти кадæнгитæ» (дигорон варианти) киунуги, ахургæнæг Хæллати Ази арæзт киунугæ «Уорс уæриккæ дин æрбауон»-и медесбæл дæр ирдæй зиннуй Олгай цардвæлтæрд зунди фарнæ.

Зундгонд журналисттæ, нæ республики культури æскъуæлхт косгутæ Туати Алинæ æма Сосранти Жанни равдиститæ «Фидтæлти уæзæг» æма «Устур Фидибæстон тугъди сувæллæнттæ»-йи дæр Олга цалдæр хатти архайдта. Æ ездон æма медесгун дзубандийæй деси æфтудта, куд хестæрти, уотæ кæстæрти дæр.

Æ карни надбæл Олга адтæй æ хеуæнтти æма æ къабæзти алли фæлтæрти æнгомгæнæг, раст зундбæл хуæст унбæл сæ ка разæнгард кодта, уæхæн фарнæ æма æгъдаухæссæг, ауодагæ хестæр. Æ райгурæн гъæу Задæлески Бæзити хестæртæй сæ муггаги равзурди туххæй ци берæ хабæрттæ фегъуста, уони ба бамбурд кодта æма сæ хецæн киунугæй рауагъта газет «Мæздæггаг федеуæг»-и уацхæссæг, Уæрæсей Федераций журналистти Цæдеси иуонг Бæзити-Аликкати Лариси агъазæй.

Иристони фæрнгун хестæр Будайти-Бæзити Олгай царди надбæл лæмбунæг нæ цæстæ ку радарæн, уæд нæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма Хуцауæй ибæл аци зæнхæбæл ци ихæстæ æвæрд адтæй, уони æ адæми, муггаги, хеуæнтти размæ ке исæнхæст кодта рæсугъдæй. Æма ибæл кæд 94-анздзудæй хуæрзæрæги æ уæлзæнхон царди хор ранигъулдæй, уæддæр уæлæбæл æнцæ æма уодзæнæнцæ æ зунд æма æ царди берæ хуарзæнхитæ, æма ни федарæй æруагæс кæнуй сæ хуæрзауодунæй нин агъаз кæндзæнæнцæ нæ удварни ирæзтæн... Æма соми кæнгæй зæгъæн: «Дæ зæриндзурди рохс нин нæ цардвæндаг рохсгæнæг уодзæнæй...»

***ГАСАНТИ Валери.***

Уæрæсей Федераций финсгутæ æма журналистти Цæдести иуонг, Цæгат Иристони Хъамбердиати Мисости номбæл республикон литературон премий лауреат, газет «Рæстдзинад»-и уацхæссæг Гасанти Валери Будайти-Бæзити Олгай туххæй ниффинста æмдзæвгæ, æма уой дæр абони мухур кæнæн.

**ЗÆРИНДЗЫРД ОЛГА**

Цы арфæ ракæнон æз не Стыр Хуыцауæн...
Задæлескы хъæуæн – мæ хуыздæр фæндиаг:
Фæзынд дунемæ нæ цардфæлтæрд Олга,
Фыдæлты рагдугмæ нын скодта фæндаг.

Йæ разæй, о алкæд йæ æгъдау куы цæуы,
Йæ таурæгътæй Ирыл куы фæтагъди сой!
Иæ æмбисæндтæй нæ уый цардмæ куы хоны,
Фæзæгъы рæвдаугæ нын: – Цард у фæллой,

Цард йын йæ размæ цы цæлхдуртæ 'вæрдта,
Уыдоны сæрты сæрыстырæй хызт.
Йæ фарны дыргъдоны булæмæргъ зары,
Йæ таурæгътæ, 'мдзæвгæтæ аив сты фыст.

Нæ уарзон, нæ ахсджиаг, нæ куырыхон Хистæр,
Дæ ныстуан, дæ зæриндзырд кæнæм æххæст.
Дæ кæстæрты хæрзтæй ды дугтæ цæрдзæнæ,
Дæ хур-зонды рухс нын æрттивдзæн æнус.

20.03.2022

***Дзæуæгигъæуи бунмæ немуцаг æфсæдти ниддæрæни хабар райгъустæй еугур дуйнебæл. Кавказаг нефтьмæ над æхгæд æрцудæй. Газеттæ финстонцæ уæд: «Советон Цæдеси къохи бафтудæй тугъди цуд бундоронæй раййевун». Радиой диктор Левитан игъосун кодта дуйнейæн: «Фæстаг сахатти. Дзæуæгигъæуи, (г.Орджоникидзей) райони немуцаг-фашистон***



**Дзæуæгигъæуи дзиллæ цийнæгæнгæй æмбалдæнцæ Цæгат Иристони зæнхæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути ниддæрæнгæнæг советон æфсæддонтæбæл.**

# УОЛÆФГÆ БА – БЕРЛИНИ



**Иван РОСЛЫЙ**
**(1902-1980)**
Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-лейтенант

ГЪЕ УОТÆ 6 ноябри фиццаг æмбеси рауадæй, Гизæли рæбунмæ ци немуцаг-фашистон æфсæддон хæйттæ байервазтæнцæ, уонæбæл æртухсуни тугъд. Уæдæй фæстæмæ знагæн æ тухстагдæр мæтæ иссæй Орджоникидзе байсун нæ, фал, ци амал æма гæнæн ес, уомæй тагъддæр æвудæй райервæзун.

Алагирæй Орджоникидземæ надбæл, Майрæмадаги цæгатварс Суаргом гъæуайгæнгутæ устур цийни хæццæ исæмбалдæнцæ, капитан Диордица кæмæн командæ кодта, 10-аг гвардион фестæг бригади еци 1-аг батальонбæл. Григорий Ивани фурт гъæумæ бацудæй æ батальони разæй æма болкъон Ворожищеви базонгæ кодта уавæри хæццæ. Е ба адтæй хъæбæр вазуггин. Ардæмæ бахаудтæнцæ æвзаргæ гитлерон æфсæдтæ, етæ еугур хъауритæй архайдтонцæ сæхецæн нигулæнмæ над ракъæрт кæнунбæл. Еци фадуат знагæн нæ раттуни туххæй болкъон Бушеви гвардионти æма Ворожищеви къуари денгизонти равдесун гъудæй устур лæгдзийнадæ.

Уотæ рауадæй, æма тæккæ карздæр тугъдтитæ æрцудæнцæ 7 ноябри боницъæхти, Цитгин Октябри социалистон революций 25-аг анзи бон. Не 'фсæддонтæ сæ хъауритæбæл нæ аурстонцæ, къæппæги ка бахаудтæй, еци гитлеронти ниппурхæ кæнунбæл.

Уой размæ фюрер уотæ кæмæн дзурдта, уæхемæ кæсетæ, сæ революцион бæрæгбони урус, ка 'й зонуй, тухгин размæмпурст исаразонцæ, зæгъгæ, еци гитлеронтæ ба еугур мадзæлттæй дæр архайдтонцæ цаутæ сæхе пайдайæн иннердæмæ разелунбæл. Фашистти авиаци дзæвгарæ бомбитæ æрæгъзалдта 10-аг гвардион бригади тохæн бунæттæбæл, æхсун райдæдта артиллери. Сахаттæй минкъийдæр нæ «фæххумæ кодтонцæ» Бушеви бригади бунæттæ. Уой фæсте Дæллаг Санибай размæ рампурстонцæ знаги 60 танки æма фестæг æфсад бронетраспортертæбæл.

Уæдæй фæстæмæ фондз суткей дæргъи мах æнæбанцайгæй тох кодтан, къæппæгæй райервæзунбæл ка архайдта, еци немуцаг æфсæдти хæццæ. Еци тугъди алли цау дæр æй Кавказбæл тохи историмæ бахæссуни аккаг, куд æнæбасæтгæ лæгдзийнади æма тугъдон æскъуæлхтдзийнади æвдесæн.

Мæнæ цалдæр дæнцæни. 370,3 бæрзæндæбæл адтæй сержант Дмитрий Остапенкой танкæхсæн тохæнгарз. Æхсæвæ дæр æма бонæй дæр ка нæ сабур кодта, еци тохи бæгъатæр сержант ниппурхæ кодта æртиндæс танки, уой туххæй райста Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Уомæ хæстæг уæхæн тохæнгарзи хæццæ риндзæбæл бадтæй е 'нсувæр Иван Остапенко, е дæр фехалдта 7 тугъдон хуæдтолги. Æ бæгъатæрдзийнадæ бæрæггонд æрцудæй Ленини орденæй.

Муггагмæ æхе искадгин кодта гвардий лейтенант Гилеви 3-аг пулеметон ротæ. 16 танкей хæццæ знаги фестæг æфсад 604,6 бæрзæнди хонсар фæхстæбæл ку исхилдæй, уæд райгъустæй роти командири гъæр: «Еу ампъез дæр фæстæмæ нæ! Мæлæт фашистон хъилмайæн!»

Æма искарз æй пулеметон роти тугъд махæй берæ фулдæр æма тухгиндæр знаги хæццæ. Гвардионтæ сæ уодбæл нæ аурстонцæ. Гранаттæ æма содзгæ тæнгъæдгин æвгитæй етæ иссугътонцæ цуппар немуцаг танки. Дæсгай фашисттæ мæрдтæй байзадæнцæ фæхстæбæл.

Хъæбæр фескъуæлхтæнцæ роти командир гвардий лейтенант Дмитрий Александри фурт Гилев, взводти командиртæ кæстæр лейтенанттæ И.П. Глиняной æма В.П. Дудинский, гвардионтæ сержант И.И. Петухов, салдат К.П. Кузьменко, сержанттæ В.Т. Тимофеев, А.Г. Тарасов, В.П. Знаменский, салдат И.В. Денисенко æма æндæртæ. Бæгъатæр тох фæккодтонцæ 3-аг пулеметон роти дууæ æма инсæй тугъдони. Етæ фæммард æнцæ карз тохи, фал знаги бæрзæндæмæ не 'суагътонцæ.

Роти командири хуæдæййевæг политрук Иван Гаврили фурт Витченко адæми æскъуæлхдзийнадæмæ разæнгард кодта айдагъ æхседгæ загъдæй нæ, фал æхе бæгъатæрдзийнадæй дæр. Пистолетæй Витченко фæуузæлгоммæ кодта гитлерони, уæдта ин фелваста æ автомат æма ма си ниццагъта авд фашисти. Уæдмæ нигъгъос æй нæ пулеметтæй еу, æма Иван Гаврили фурт райййивта пулеметчики, æхста, цалинмæ знаг ледзæги нæ фæцæй, уæдмæ.

Тугъд кодта карзæй-карздæр. Багъæуидæ тагъд-тагъдæй унаффæ рахæссун. Уотæ адтæй, зæгъæн, 7 ноябри. Нигулæнмæ ратонунбæл фæлтæргай, гитлеронтæ тугъдмæ багæлстонцæ сæйраг тухтæ. Тугъд бахъæрттæй æ тæккæ карзмæ. Æма дин 10-аг гвардион фестæг бригади командир болкъон Бушев телефонæй ку æрбадзоридæ, мæ фæлгæсæн бунатæй, дан, Дæллаг Санибай нигулæнварс уинун, бригадæмæ нимпурсунвæндæ ка кæнуй, знаги уæхæн берæ тухтæ. Æз зудтон, Бушевæн æнцон ке нæй, уой æма мæмæ æрцудæй фæййагъаз ин кæнуни фæндæ.

Раст нæмæ уой тæккæ размæ агъазмæ фæззиндтæй Советон Цæдеси Бæгъатæр капитан Д.Л. Маргулиси танкæхсæг артиллерий полк. Маргулиси хæццæ æз зонгæ адтæй Маннергейми тæлмæбæл тугъди дзаманæй. Æз æвæстеуатæй полк рарвистон Бушевмæ. Æма сахатти фæсте 10-аг гвардион бригадæбæл бафтудæй инсæй танкæхсæг дзармадзани.

Фал етæ фагæ нæ адтæнцæ знаги тухтæ фæстæмæ гæлдзунмæ.

– Цæбæл сагъæс кæнис, комкор? – рафарста мæ гвардион минометон хæйтти оперативон къуари хецау, артиллерий инæлар-майор М.И. Дегтярев.

Михаил Ивани фурти хæццæ æз зонгæ адтæн уомæй размæ. Зудтон, гъæуама фæлгæсæн бунати фæззинна, тугъд æ тæккæ карзи ку исуа, уæд. Аци хатт инæлар еунæгæй не 'рбацудæй? Æ фæсте лæудтæнцæ дууæ æригон дæлболкъони 49-аг гвардион минометон полкти командиртæ Иван Алексейи фурт Сухошвили æма Евгений Ивани фурт Карелин.

Æфсæдти Цæгатаг къуарæн ка агъаз кодта, еци гвардион минометон хæйтти оперативон къуари уæд адтæнцæ 8-аг, 44-аг, 49-аг, 50-аг полктæ. Мæ бæрни ба адтæнцæ айдагъдæр дууæ дивизиони. Дегтяреви мæ рази ку рауидтон, уæд имæ мæхе бахадтон æвæстеуатæй Дæллаг Санибай нигулæн фарсмæ агъаз бадæттуни туххæй. 20 минуттей фæсте берæ фашисттæ кæми æрæмбурд æнцæ, Дæллаг Санибай еци хай фæцæй реактивон минити бун.

Уомæй минкъий фæстæдæр ба тугъдмæ нæуæг тухтæ багæлдзгæй, нæуæгæй размæ рампурста 10-аг гвардион корпус. Гизæли искæсæйнаг кæрон байахæсгæй, е знагбæл рахуæстæй нигулæнæрдæмæ – Бушеви бригадæ ин æ над кæми æрæхгæдта, уордæмæ. Гизæли 1-аг немуцаг танкон æфсади хуæздæр хæйттæ ке ахæстонцæ, еци зæнхæ кодта минкъийæй-минкъийдæр. Уомæ гæсгæ зин рахатæн нæй, 49-аг æма 50-аг гвардион минометти æхст знагæн цæйбæрцæ бæлæхтæ æрхастайдæ, е.

Сахар Орджоникидзе байсун æма фæстагмæ Кавкази æрфитæмæ над ракъæрт кæнуни фæндæ искæнгæй ба гитлеронтæн, Мæздæги куд адтæй, уотæ сæ сæйрагдæр нифс адтæнцæ танкитæ. Фал бабæй аци хатт дæр сæ гъолæ сах нæ рабадтæй.

Мах Гизæли ку тухтан, уæд уотæ ахид нæма дзурдтонцæ «Артиллери – тугъди Хуцау». Еци раст æма циргъзунд загъд уæлдай хъæбæрдæр рахæлеу æй, немуц Сталингради бунмæ дæрæнгонд ку 'рцудæнцæ, уой фæсте. Фал уомæй размæ дæр фестæг æфсади командиртæ хуарз зудтонцæ, не 'фсадæн артиллери ци 'й, уой.

Мæхе зæрдæмæ дæр артиллери æма артиллеристтæ уæлдай хъæбæрдæр цæун байдæдтонцæ 40-аг æнзти райдайæни, артиллерий агъазæй Маннергейми тæлмæ ку батудтан, уæд. Никки фулдæр сæ уарзун байдæдтон Фидибæсти тугъди рæстæг.

Коммунистон партий æвæлмæцгæ организаторон архайди фæрци 1942 анзи фæззæгæй фæстæмæ не 'фсæдтæ фулдæрæй-фулдæр есун райдæдтонцæ техникæ, уой хæццæ артиллери дæр. Мах фронти уой балæдæрдтан сауæнгæ сентябри, Мæздæгæй хонсарæрдæмæдæр тугъдтити, уоми нæ бон адтæй знаги фондзинсæй танкей нихмæ фондзинсæй дзармадзани æрæвæрун.

Уæлдай хъæбæрдæр зæрдæбæл лæууй, Терки бæрзæндти цæгатаг фæхстæбæл нæ артиллери æма знаги танкити 'хсæн æртæ сахаттей бæрцæ ци тох рауадæй, е, 40 тугъдон хуæдтолгемæй фулдæр си ку фæгъгъудæй, уæд фашистти 3-аг танкон дивизи фæстæмæ рахуæстæй. Еци тугъди сæхе æмбесонди бæгъатæрæй равдистонцæ 98-аг гвардион артиллерион полк, 62-аг денгизон фестæг бригади дууæ дивизиони, 47-аг танкæхсæн артиллерион дивизион, 68-аг æма 69-аг уæззау полктæ. Артиллеристтæ адтæнцæ хъæбæр æнæфæккеугæ æма архæстгин. Уомæ гæсгæ си еске гъолон æвдист ракæнун зин æй. Фал мин уæддæр æнæ зæгъæн нæййес дивизионти командиртæ майор Фролови, капитан Токареви, батарейи командиртæ Темкини, Томилини, Люсицыни, Хотулеви, Керцмани нæмттæ, етæ æма се 'фсæддонтæ тох кодтонцæ уæлдай æхсаргиндæрæй.

Сæйраг уæзæ æхебæл æругъта 98-аг гвардион артиллерион полк. Раздæр сæбæл сæхе æруагътонцæ хуæдтæхгутæ, уæдта сæмæ сæ них исаразтонцæ танкитæ. Авиаци нин минкъий зиантæ нæ бакодта. Фал ка фæгъгъудæй, дзармадзанти еци командирти æма гъавгути райййвтонцæ се 'мбæлттæ. Цæф комбат хестæр лейтенант Евгений Иосифи фурт Темкин æрлæудтæй дзармадзани уæлгъос, гъавæги бунати. Æма уомæй нифс баугъта еугур батарейи дæр. Знаги хæццæ бæгъатæр тох кодтонцæ взводи командир лейтенант Мухамешин, сержанттæ Курчилин æма Куркашвили, бастдзийнади хайади командир, сержант Корсаков, æсгаргутæ сержант Пузырьков æма салдат Есаянц.

Гитлеронти 13-аг танкон дивизи 2 ноябри 34-аг фестæг бригади цæг ку ратудта æма Гизæлмæ ку искарз æй, уæд бабæй 98-аг гвардион артиллерион полкки æфсæддонтæ раздæри хузæн фескъуæлхтæнцæ.

Мæнæ мин ци радзурдта еци полккæй тугъди фæсте дæлболкъон Лившиц:

– Знаги 13-аг танкон дивизий хуæдфæсте цудæнцæ 23-аг танкон дивизий 50 тугъдон хуæдтолги. Æрхонкæй комкоммæ етæ цæхгæрмæ фæззилдæнцæ цæгатæрдæмæ, æнæнгъæлæги цæфæй станицæ байсуни фæнди хæццæ. Цæй цæттæ æма цæй æндæр – еци-еу æмпурст бакодтонцæ.

Гвардионтæ сæ хæстæг æрбауагътонцæ, уæдта сæбæл æвеппайди нигъзалдтонцæ. Знаги танкисттæ уой æнгъæл нæ адтæнцæ, фал фæстæмæ нæ раздахтæнцæ: будурти дууердæмæ

**Кæрон. Райдайæн 24–26, 28-аг номерти.**

**Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар Александр Терентийи фурт Алтунини райгурдбæл 14 августи æнхæст кæнуй еу æма фондзинсæй анзи (1921-1989). Плити Исси фæсте разамунд лæвардта Цæгат-Кавказаг æфсæддон округæн (1968-1970).**

кæнгæй, сахаттæй фулдæр æхстонцæ мах батарейи 'рдæмæ. Æма уæд, дзармадзантæмæ хæстæгдæр уæн, зæгъгæ, фæлгæсæн бунатæй æрбалигъдæнцæ 1-аг батарейи командир хестæр лейтенант Темин æма батарейи политрук Детинич. Уотæ бакодтонцæ батарейти командиртæ Томилин, Черный æма полкки командир майор Михаил Архипи фурт Павленко æхуæдæг дæр.

Фашисттæ ба равзурстонцæ нимпурсунбæл, фал син си неци рауадæй. Дæс тугъдон хуæдтолгей бæрцæ си ку фæгъгъудæй, уæд фæррахст æнцæ батарейи рахес фарсæрдæмæ, фал сæмæ ами хуарз æрлæвардтонцæ, еци полкки капитан Петр Дмитрийи фурт Гончаренкой 2-аг дивизиони артиллеристтæ. 12 дзармадзанемæй сæбæл зинг никкалдтонцæ. Никкидæр ма цалдæр тугъдон хуæдтолгей хъуæцæ ку искалдæй, уæд гитлеронтæ фæстæмæ раздахтæнцæ Нæуæг Санибамæ. 2-аг дивизиони æфсæддонтæ æма командиртæ равдистонцæ 1-аг æма 3-аг дивизионти хузæн устур бæгъатæрдзийнадæ. Уæлдай хъæбæрдæр ба фескъуæлхтæнцæ сержант Барним æма гъавæг Тарлаковский. Сæ дзармадзанæй етæ ниппурхæ кодтонцæ дууæ танки. Дууемæн дæр лæвæрд æрцудæй Сурх Турусай ордентæ.

Полкки командири хуæдæййевæг майор Константин Ивани фурт Сафонов байархайдта уобæл, цæмæй хуæздæр артиллеристти æскъуæлхтдзийнадæ базононцæ полкки еугур тугъдонтæ дæр. Е сæ кодта тохмæ никки разæнгарддæр.

Æрхонкæ байсунмæ æма 9-аг æфсади къилдунмæ рацæунмæ ка гъавта, еци гитлеронти фæстæмæ рагæлдзгæй, 98-аг гвардион артиллерион полк бахастонцæ капитан Маргани 52-аг дивизиони минометчиктæ. Етæ уотæ дæсни æхстонцæ, æма знаги фестæг æфсад такитæмæ хæстæг нæ баугътонцæ. Сæхе мæгурауæй нæ равдистонцæ капитан Волчанскийи 47-аг танкæхсæг дивизиони артиллеристтæ дæр. Етæ сæ бæгъатæрдзийнадæй сæхе базонун кодтонцæ сауæнгæ сентябри, Мæздæги бунмæ тохи.

Уæлдæр æз кодтон Престинскийи кой. Е командæ кæмæн кодта, еци 337-аг танкæхсæг артиллерион дивизиони адтæй болкъон Ворожищеви къуари. Дивизиони тох кодтонцæ Севастополи билгæрон гъæуайкæнуйнади училищей курсанттæ æма адтæй фронти еци хаййи гъæуайкæнуйнади астæуккаг цæгиндзæ. Уæлдай хъæбæрдæр ка фескъуæлхтæй, уонæй адтæнцæ сержант Александр Собкой, Владимир Иванови, Василий Леснихи, Алексей Денисюки æма Георгий Абакумови дзармадзантæй æхсгутæ.

Майрæмадаги скъолай æ дзармадзан исаразгæй, Денисюк æма е 'мбæлттæн райдайæни сæ гъуддаг лæгъуз нæ цудæй. Сæ къохи бафтудæй дууæ танки ниппурхæ кæнун. Фал син немуцæгтæ базудтонцæ сæ бунат æма сæбæл ехуарæгау никкалдтонцæ дзармадзантæй. Фæммард æй Петр Каргин. Фал дзармадзан нæ нигъгъос æй, е 'мбали бунати æрлæудтæй Виктор Воронов. Фашисттæн скъола иссодзун ку бантæстæй, уæд Денисюк æма е 'мбæлтти багъудæй дзармадзан синхаг дзæхæрадонæмæ базелун. Ами фæммард æй æфсæддон Иван Липчанский. Æ бунат ин байахæста Николай Зверховский.

Уомæй минкъийдæр æвæрхъау тугъд нæ байеудагъ æй синхаг батарей дæр. Æнæгъæнæй ма си байзадæй дууæ дзармадзани, уæдта – еунæг. Фал батарейи командир лейтенант Б.А. Рак, дууæ цæфи фæууогæй, разамунд лæвардта артиллеристтæн, багъæуаги сахатти ба æхуæдæг æрлæууидæ гъавæги бунати.



Цæгат Иристон уæлахезонæй байахæссунмæ ка гъавта, еци немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ ами уацайраги æгадæ бунати равзурдæнцæ...

Кавказбæл тохи туххæй литератури Мæздæгмæ æма Орджоникидземæ бацæуæнтæ хонунцæ «мæлæти дæлвæзтæ» ами немуци салдæттæй, афицертæ æма техникæй минкъий нæ никкалдæй. Æма еци гъуддаги хъæбæр фескъуæлхтæй нæ артиллери.

Артиллерийæн гъæугæ аргъ искæнгæй, мæн æгириддæр нæ фæндуй Орджоникидзей бунмæ тугъдтити тохæнгæрзти иннæ хузти ахедундзийнадæ минкъийдæрæй равдесун. Знаг уорæд, къæппæгмæ тард æма дæрæнгонд æрцудæй еумæйаг хъауритæй. Уæлахезмæ сæ хай бахастонцæ айдагъ артиллеристтæ нæ, фал танкисттæ, фестæг æфсæддонтæ, сапертæ... Минкъий нæ бакодта авиаци дæр, а агъаз адтæй бонæй-бонмæ ахедгæдæр.

Кавкази советон æфсæдти уæлахези хабар уайтæкки базудта еугур бæстæ дæр. Совинформбюрой игъосункæнуйнаги загъд адтæй: «Фæстаг сахат.

Владикавкази (гор. Орджоникидзе) бунмæ немуцаг-фашистон æфсæдти къуарæн цæф.

Владикавкази (гор. Орджоникидзе) бунмæ берæ бæнтти тугъдтити немуц дæрæнгонд æрцудæнцæ.

Еци тугъдтити мах æфсæдтæ ниддæрæн кодтонцæ 13-аг танкон дивизи, полк «Бранденбург», 45-аг велобатальон, 7-аг саперти батальон, 525-аг танкæхсæг дивизион, 1-аг немуцаг хуæнхон-фестæг дивизий батальон æма 36-аг батальон. Устур зиантæ æрцудæй 23-аг немуцаг танкон дивизионбæл, 2-аг румынаг хуæнхон-фестæг дивизи æма знаги æндæр хæйттæбæл.

Мах æфсæдтæ байстонцæ 140 немуцаг танки, 7 бронемашини, 70 аллихузон дзармадзани, 95 миномети, 84 пулемети, 2350 автомашини, 183 мотоцикли, 1 миллион гилдземæй фулдæр, тугъдон æрмæги 2 скълади, хуаллаги скълад æма æндæр трофейтæ.

Тугъди будури немуц ниууагътонцæ мардæй 5000 салдат æма афицеремæй фулдæр».

Совинформбюрой еци игъосункæнуйнаг газети мухургонд æрцудæй 20 ноябри, радиойæй ба 'й бакастæнцæ 19 ноябри. Æз еци дууæ боней кой æнæгъæуаги нæ кæнун.

19 ноябри райдæдта советон æфсæдти тухгин нимпурст Сталингради бунмæ, адтæй ин хъæбæр устур ахедундзийнадæ тугъди еугур хъисмæти дæр. Æма кæд Орджоникидзей бунмæ мах æнтæстдзийнадæ æ бæрцæмæ гæсгæ уотæ агъазиау нæ адтæй, уæддæр адтæй фронти хуарз æййивддзийнадæти фарни уацхæссæг. Уорссæр Кавказæй Волги билгæрæнттæмæ еци зæрдрохси хабар ку райгъустæй, уæд нæуæг тухтæ бауагъта, знаги хæццæ историон тохмæ ка цудæй, уони иуæнгти.

Знаги 13-аг танкон дивизий хæццæ мæнæн æма ме 'мбæлттæн хецæн «дзубанди» адтæй. Алли рæстæги ибæл æмбалдан тæккæ минкъийдæр æртæ хатти.

Мæ зæрдæбæл ма лæууй, фицццаг хатт фембалдан 1941-аг анзи 5 октябри Устур Такмани рази (Запорожьей облæст). Уæд Клейсти танкон къуар рацудæй Хонсайраг фронти къилдунмæ, архайдта не 'фсæдтæбæл æртухсунмæ æма сæ ниппурхæ кæнунбæл. Еци бон 13-аг танкон дивизий 30 тугъдон хуæдтолги æнæнгъæлæнгæй нимпурстонцæ надбæл цæуæг 4-аг фестæг дивизимæ. Уæд ин æз командæ кодтон. Фестæг æфсæдти хæццæ ка цудæй, еци артиллеристтæ нæ фæттарстæнцæ æма танкитæ ледзæги фæккодтонцæ. Махæн неци уоййасæбæл зиантæ искодтонцæ, сæхецæй фæгъгъудæй 7 танки, уотемæй сæ сæр сæ кой иссæй, нæбал сæ бахъор кодтонцæ.

Дуккаг фембæлд адтæй 1942-аг анзи 29 июли. Уæд гитлеронти 1-аг танкон æфсад размæ æмпурста Ростовæй хонсар-искæсæнæрдæмæ, нур дæр бабæй Хонсайраг фронти къилдунмæ æ них исараста. Аци хатт 13-аг танкон æфсад æнæгъæнæй нимпурста, нурма тохæн бунæттæ ка байахæста, еци 4-аг фестæг дивизимæ. Æма нæ дивизи нифсгунæй бацудæй тугъди. Знаг тугъди будури ниуугъта 30 танки.

Æма мæнæ 2 ноябри мах нæуæгæй исæмбалдан еци дивизибæл. Е æ зæрдæ дардта сахар Орджоникидзе байахæссунбæл, уой фæсте ба 9-аг æфсади фæскъилдунти разелунбæл. Фал еци фæндæй неци рауадæй. 13-аг танкон дивизи æхуæдæг бахаудтæй къæппæги æма дæрæнгонд æрцудæй.

Корпуси политхайади хецау болкъон Базилевскийи хæццæ мах зилдан будуртæбæл æма кастан æрæгиау тугъдтити зæрдресæн æвдесæнтæмæ. Пурхæй байзадæй хъæбæр берæ немуцаг тугъдон техникæ, хъæбæр берæ адтæй знаги мæрдти нимæдзæ.

Гитлер æма е 'рдонгтæ райдæдтонцæ сæ сæлхæр миути «тиллæг» æфснайун Советон Цæдеси нихмæ тугъд райдайгæй, етæ сæ зæрдæ дардтонцæ, нæ берæнацион паддзахадæ тæккæ фицццаг зин фæлтæрæнтæн дæр нæ бафæраздзæнæй æма ниххæлæццаг уодзæнæй, уобæл. Дæс æма дууинсæй нацийи минæвæрттæй фулдæр кæми цæруй, еци Кавказ байахæссуни пълани бундори дæр уæхæн зæрдæдарæн лæудтæй.

Фал знаг фæррæдудæй. Нæ бæсти иннæ рауæнти хузæн Кавкази зæнхæбæл дæр гитлерон лæборгутæн адæм равдистонцæ сæ æнæуинондзийнадæ. Фашисттæ ке байахæстонцæ, уомити исæвзургæ партизанти къуæртти сосæгкустгæнæг организацити нифсгунæй знаги нихмæ æдæрсгæ тох кодтонцæ уруссæгтæ, украинæгтæ, белоруссæгтæ, гурдзиæгтæ, сомехæгтæ, ирæнттæ, иннæ нацити минæвæрттæ.

Æма фронти уавæр цæйбæрцæ тæссагдæр кодта, уоййасæ фулдæр кодта советон адæми агъаз Сурх Æфсадæн.

Суаргоммæ бацæуæнти Майрæмадаг дæс бонемæй фулдæри дæргъи бæгъатæрæй гъæуай кодтонцæ 34-аг хецæн фестæг бригади денгизонтæ. Æма сæмæ тугъди тæккæ тæссагдæр сахатти агъазмæ фæззиндтæнцæ бунæттон цæргутæ. Еци бæнтти тугъдонтæн агъаз кодтонцæ Майрæмадаги сауæнгæ уæхæн зæронд цæргутæ, куд сæданздзуд Базрати Тасолтан, цуппаринсæйандзуд Бæдтиати Никъала æма æндæртæ.

Мах æвдесæн разиндтан советон адæми æхседгæ патриотизмæн, фронтæн цæмæйдæриддæр сæ бон адтæй, уомæй фæййагъаз кæнунмæ цæттæдзийнадæй. Тугъди пеллон арт Орджоникидземæ куд хæстæгдæр кодта, уотæ сахари аразун райдæдтонцæ адæмон ополченити къуæрттæ, æ цæргутæ рацудæнцæ гъæуайкæнуйнадон фæрæзнитæ аразунмæ, аразтонцæ партизанти къуæрттæ. Ирон кизгуттæ хебæраги цудæнцæ снайперти скъолатæмæ.

Адæми æмбесонди патриотон разæнгарддзийнадæ арæхстгинæй араста сахари партион организаци. Мæнæ ци унаффæ рахаста Орджоникидзей партион активи æмбурд: «Ци уавæр исæвзурдæй, уой хинцгæй, партион активи æмбурд унаффæ кæнуй:

Сахар Орджоникидзей еугур коммунисттæ æма фæскомцæдесонтæ нимад уæнтæ сахар гъæуай кæнунмæ седдонтæбæл.

Сахар гъæуай кæнунмæ конд æрцæуæнтæ, æ бон тохæндзаумау хæссун кæмæн æй, Орджоникидзей еугур еци фæллойнæгæнгутæ дæр.

Æвæстеуатæй арæзт æрцæуæнтæ адæмон ополчений къуæрттæ коммунисттæ æма си фæскомцæдесонтæ тæккæ æхсигагдæр архайæг куд уонцæ, уотемæй.

Ополченецти 'хсæн арæзт цæуæнтæ тугъдон ахуртæ»

Коммунистон партибæл æнæкæрон еузæрдиуондзийнадæ, Райгурæн бæстæмæ æхседгæ уарзондзийнадæ æма знагмæ æмбохгæ æнæуинондзийнадæ – уæхæн æнкъарæнтæ адтæй фашистти нихмæ тохи Сурх Æфсадæн ка агъаз кодта, Кавкази еци фæллойнæгæнгутæмæ. Æма уомæн устур ахедундзийнадæ адтæй знаги ниппурхæ кæнуни гъуддаги.

Орджоникидзей бунмæ ка тох кодта, ами советон удигъæдæ кæронмæ ка равдиста, етæ еци дзамани гъуди дæр нæ кодтонцæ уобæл, æма архайæг ке 'нцæ Грознай æма Бакуй нефти бунæттæмæ балæгæрдунбæл, Фæскавказмæ байервæзунбæл, знаги фæстаг æнæсæрфат фæлварæнтæ фæссик кæнунбæл тохи...

Сталингради тугъди райдайæнæй æма уоми Сурх Æфсади фæууæлахезæй фæстæмæ Устур Фидибæстон тугъди тохи будурти сæрмæ радумтонцæ æндæр думгитæ.

**Идард Хорискæсæни Советон сæйраг командæкæнуйнадæн 1945 анзи 19 августи Япониий Квантуйнаг æфсади командæкæнуйнадæ фегъосун кодта, æнæуæлдайдзубандий капитуляцибæл арази ке 'й, уой.**

*Рагонромаг дзурддзæугæ лæг ЭПИКТЕТ уотæ загъта: «Æнæнез адæймаги нæ бафæнддзæнæй, цæмæй ин сæйгæ лæггадæгæнгутæ уа, кенæ æ биййонтæ уонцæ сæйгæ. Мадта ездон лæг ба цагъартæ дарун æ сæрмæ не 'рхæсдзæнæй, уæдта сæребарæ ка нæй, уæхæнтти хæццæ еу азгъунсти неци хузи фæццæрдзæнæй...»*



# АДГИН ДÆР ÆЙ ÆМА ПАЙДА ДÆР!..

***Аци афони, уæлдайдæр тæвдæ рæстæги, фулдæр хæттити зæрдæ байагоруй харбуз. Æ адгин донæй ком рауазал кæнунæй хуæздæр ма ци фæууй. Фал беретæ нæ зондзæнæнцæ еугуремæндæр уарзон æма алкæмæндæр зундгонд зайæгоймæ биологион цæстингасæй ку 'ркæсæн, уæд æй бахæссæн ке ес гагарæзи къæпхæнмæ. Æндæр дзурдтæй æй ку зæгъæн, уæд е æй халсарон гагарæзæ, уотемæй ба хауй насæнгæсти биййонтæмæ.***

Гъе, уæхæн цæхгæрмæ хецæндзийнæдтæбæл ку нæ гъуди кæнæн, уæд харбуз адæймаги организмæн пайда ке 'й, е зундгонд æй хъæбæр рагæй. Æ нивтæ ин абони фæууинæн ес мисираг пирамидити фæрстæбæл. Аргъ кæмæн нæййес, уæхæн агъазиау халсартæбæл ба нимад цудæй Рагон Китайи. Уоми кæддæр бæрæг кодтонцæ «Харбузи бон» дæр. Уæрæсемæ ба кæрдæгхуз гъолон-молон «къубулойнæ» æрбафтудæй XVII æноси, æма зундгонд иссæй, куд æнахур дессаги адгин æма æнæнездзийнадæн пайдахæссæг культурæ.

Æцæгæйдæр, организмæн пайда ке хæссуй, уобæл дзоруй харбузи химион исконд. Æ сурх фæлмæни берæ ес витаминтæ С æма РР, уæдта В къуари витаминтæ, каротин æма фолийи тауæгадæ.

Гъуддаг уотæ 'й, æма харбуз хуæрун агъаз кæнуй организм уæлдай уæзæй фæййервæзунæн. Æ æвæрццæг рахуæцæнтæ ба æнцæ цалдæр. Фиццагидæр ами ес донихупп тæрæн менеуæг. Æ фæрци адæймаги уæзæ еу-дууæ килограммей бæрцæ фæмминкъийдæр уй, организмæй уæлдай тæнгъæдтæ ке рацæуй, уой туххæй.

Дуккагæй, харбуз æнцонæй фесафуй стонги æнкъарæнтæ. Æ пайда ба уой медæгæ 'й, æма харбузи фæлмæни 100 грамми æдеугур ес 35 килокалорий – харбуз байдзаг кæнуй ахсæн æма адæймаг феронх уй е 'стонг. Уомæй уæлдай, минкъий ахедундзийнадæ нæййес аци халсарон гагарæзи адгин адæн дæр. Физиологион æртасæнтæ куд равдистонцæ, уотемæй адгиндзийнадæ хъæбæрдæр æвзурун кæнуй æфсæсти æнкъарæнтæ. Уомæ гæсгæ харбузи фæрци ахсæн фæккосуй рæуæгдæр уагæвæрди, адæймаг хуæруйнагбæл минкъийдæр фæгъгъуди кæнуй.

Куд загътан, уотемæй харбуз минкъий пайда нæ хæссуй организмæн. Е агъаз кæнуй зæрди тогдадзинтти æма ургти незти азарæй ци рæсудтитæ фæззиннуй бауæрбæл, уони дзæбæх кæнгæй дæр. Харбузи дон æй фруктозæ æвзурунгæнæг. Е сæкæрæй игъаугидæр тагъддæр батайуй организми.

Харбуз ма пайда æй уомæй дæр, æма клетчатки хæццæ е æлхъевун райдайуй ставд хæлори æма ратæруй холестерини уæлдæйттæ. Диетологти гъудимæ гæсгæ, суткæмæ харбузи фæлмæн хуæрæн ес 2,5 килограмми, фал уой кæнун гъæуй æмхузон – минкъий хæйттæй. Уæлдай хъæбæрдæр аци домæн æнхæст кæнун гъæуй, сæ ургти дортæ кæмæн ес, еци адæмæн. Уомæн æма иннетæй игъаугидæр уонæн харбуз фулдæр пайда хæссуй.

Уæхæн сæйгити организми донихуппи цæнхити æмвæзадæ харбузи бауæргъæдти æндæвдади фæрци уæлæмæ исхезуй, æма тайун райдайунцæ тæккæ устурдæр дортæ дæр. Харбузи дон æрдзон æгъдауæй зианхæссæг бауæргъæдтæ æндæмæ ратæруй игæрæй. Уомæ гæсгæ харбузи аци æгæрон пайдабæл æнæмæнгæ гъуди кæнун гъæуй, игæри хроникон незтæ дзæбæх кæнгæй, уæдта хуайраг адæймагæн ку нæ батайуй, еци рæстæги дæр. Аци адгин халсар хуæрун дохтиртæ фæййамонунцæ антибиотикон медицинон хуастæй дзæбæх кæнуни кусти фæсте дæр.

Раст ку зæгъæн, уæд харбузи фæлмæни буни ци хъæбæр цъарæ фæууй, мах алкæддæр гæлдзгæ ке фæккæнæн, уой дон никки хъазардæр æй сурх фæлмæни донæй, донихупп тæрæн менеугутæ имæ фулдæр ке ес, уой туххæй. Фæткъуй дони хæццæ исхæлæмулæ кæнгæй си ци ниуазуйнаг рауайуй, е берæ хæлардæр æма иуонгрæуæггæнæг дæр æй. Еудзурдæй, харбузи цъари ци бауæргъæдтæ ес, етæ дæр минкъийдæр пайда нæ 'нцæ организмæн, махмæ ба уотæ фæккæсуй, цума етæ нецæмæн гъæунцæ. Фал уæхæн ниуазуйнаг агувзи æмбесæй фулдæр еу хаттæн ниуазæн нæййес. Уомæн æма тæссаг æй донихупп тæрæн менеуæг æгæр хъаурæгин ку фæууа, уомæй.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, адгин харбуз практикон æгъдауæй пайда æй еугуремæн дæр. Фал æ берæ некæмæн бæззуй, уæлдайдæр ба сæкæри диабетæй сæйгитæн, сæ игæрти дортæ кæмæн ес, уæхæн адæмæн, дæлахсæнон незтæ кæмæ ес æма æндæртæн. Уомæй уæлдай зæрдæбæл дарун гъæуй, харбуз цæхгунти хæццæ ке нæ бæззуй, уой дæр. Уомæн æма цæнхæ тæнгъæдæ ниууорамуй организми, æма гæнæн ес, æ фæсте рæсудтитæ ку расайа, уомæй.

Кæронбæттæни ба мæ зæгъун фæндуй: гæнæн ку уа, уæд, ци харбуз æлхæнайтæ, уой исбæрæг кæнетæ, нитраттæ си ес æви нæ. Етæ организммæ ку бахаунцæ, уæд зæрдæ фæххæссуй, губун фæддон уй, сауæнгæ ма уомун дæр фæццæуй. Кæд халсарти кæдзосдзийнадæ исбæрæг кæнун къохи нæ бафтуйа, уæддæр æй уæ бон æй балхæнун, æцæг уой уæ зæрдæбæл даретæ – харбузæн æ пайда æй æ хурфи фæлмæн, зианхæссæг нитраттæ ба бамбурд унцæ цъари.

**БЕСЛЕХЪОТИ Ирæ,**
***дохтир.***

**Калорийность** — 38 ккал
**Белок** — 0,7 г
**Жир** — 0,2 г
**Углеводы** — 10,9 г
**Клетчатка** — 0,5 г
**Пектин** — 0,6 г
**Зола** — 0,6 г

**Витамин А** — 0,1 мг
**Витамин С** — 7 мг
**Витамин РР** — 0,24 мг
**Витамин В1** — 0,04 мг
**Витамин В2** — 0,03 мг

**Фолиевая кислота** — 8 мкг
**Органические кислоты** — 0,12 г



**Железо** — 1000 мкг
**Йод** — 2 мкг
**Кобальт** — 2 мкг
**Марганец** — 35 мкг
**Медь** — 47 мкг
**Фтор** — 20 мкг
**Цинк** — 90 мкг

**Калий** — 64 мг
**Кальций** — 14 мг
**Магний** — 224 мг
**Натрий** — 16 мг
**Фосфор** — 7 мг

**Ликопин** — 2,5 мг
**Вода** — 89 г




Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№1640.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 11.08.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 11.08.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**